



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN KATYE JENERAL JAWONIO
CORPORATE KI KOUTE 20 MILYON DOLA AK KABIN EDIKASYON ETE NAN
KONTE ROCKLAND**

Founisè Sèvis Lifespan pran angajman pou kreye 230 nouvo djòb nan rejyon Mid-Hudson

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman kanpis Jawonio ki koute 20 milyon dola nan New City, Konte Rockland. Pwojè a te gen ladan demenajman etablisman edikasyon ete Jawonio a ak konstriksyon yon nouvo etablisman ki mezire 70,000 pye kare pou biwo antrepriz yo ak yon nouvo Sant Fòmasyon pou Mendèv (Workforce Training Center). Nan kad pwojè sa a, òganizasyon an pran angajman pou kreye 230 nouvo djòb epi kenbe prèske 700 pòs aplentan. Eta New York te sipòte agrandisman an ak plis pase 3.3 milyon dola nan sibvansyon kapital Empire State Development, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Mid-Hudson lan rekòmande.

"Pandan plizyè deseni, Jawonio te bay sèvis enpòtan nan rejyon Mid-Hudson lan ki te kreye chemen siksè pou moun ki kounye a kapab patisipe totalman nan mache travay la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo kanpis sa a elaji sou siksè sa a epi li pral bay yon sèvis ak fòmasyon rasyonnalize kontini soti nan anfans rive nan laj adilt ki pral non sèlman prepare travayè kalifye pou travay nan rejyon an, men li pral ba yo tou kapasite pou yo simonte baryè yo epi pwospere."

"Finisman kanpis Jawonio a nan New City se yon gwo etap nan direksyon pou ogmante ak amelyore sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal nan Hudson Valley", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nouvo etablisman edikasyon ete a ak Sant Fòmasyon pou Mendèv la pral ede kenbe moun aktif pandan tout ete a epi ede plis moun ki gen andikap nan devlopman yo prepare yo epi jwenn travay."

PDG Jill A. Warner a, Immediate Past, te deklare, "Jawonio gen yon istwa long nan travay an patenarya ak kominote a ak ajans gouvènman Eta New York yo. Empire State Development te enpòtan nan finansman devlopman kanpis sa a, epi nou remèsye yo. Lè nou travay ansanm, n ap chanje mond lan pou pi bon, yon moun alafwa."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè ESD a, Hope Knight, te deklare, "Nou angaje pou kreye travay ak opòtinite pou tout Nouyòkè yo, epi nouvo katye jeneral antrepriz Jawonio a, fòmasyon mendèv ak etablisman edikasyon pral ede asire nou kontinye fè sa. Nou fyè pou nou sipòte founisè sèvis k ap dire pou tout lavi sa a nan bati pi gwo ekite nan filyè talan nou an, ki pral ranfòse ekonomi an tou nan rejyon Mid-Hudson lan ak odela."

Komisè Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman la, Kerry Neifeld, te deklare, "Finisman bèl revitalizasyon kanpis sa a ke yo te prevwa depi lontan an ak sèvis ak sipò amelyore li pral pote bay moun ki gen andikap devlopman ki gen tout laj yo pral ede asire bezwen yo pral satisfè kounye a ak alavni. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Empire State Devlopman pou sipòte antrepriz sa a paske li elaji sèvis ak opòtinite pou moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopman yo."

Pwojè a te enplike redevlopman kanpis 6 ekta òganizasyon an. Efò sa a gen ladan demolisyon ak konstriksyon nouvo kabin edikasyon ete li yo, bati yon nouvo katye jeneral pou antrepriz la pou konsolide fonksyon IT yo nan plizyè sit ak agrandi sèvis founisè li yo. Ansyen kanpis òganizasyon an te vin demode e li pa apwopriye pou rankontre defi ak chanjman endistri swen sante a ap fè fas jodi a.

Jawonio se pi gwo founisè sèvis ki dire pou lavi nan Hudson Valley pou moun ki gen andikap devlopman, defi sante konpòtmantal, ak kondisyon medikal kwonik. Nouvo katye jeneral Jawonio a gen ladan yon etablisman livrezon sèvis, ki pèmèt benefisyè sèvis yo ak fanmi yo jwenn aksè fasil ak sèvis yo bezwen anba twati lakay yo. Katye jeneral la fèt pou akomode mendèv pwofesyonèl konpayi an, ki bay aktivite egzaminasyon, evalyasyon, fòmasyon, tretman ak aktivite byennèt pou ede moun ki gen bezwen espesyal yo jwenn yon travay ki pwofitab nan kominote a epi pou yo viv konplètman jiska potansyèl yo. Bilding lan pral ekipe ak yon zòn egzaminasyon ak evalyasyon, konplete ak telefòn espesyal, ekipman IT ak zouti ki nesèsè pou ede moun ki gen pwoblèm vizyon ak tande, ki defi fizik oswa konpòtmantal, oswa ki gen difikilte pou aprann ak andikap devlopman. Anplis de sa, Jawonio te amelyore tout enfrastruktir IT li yo ak teknoloji ak sèvis k ap mennen nan endistri a pou akomode kwasans prezan ak fiti òganizasyon an.

Premye faz pwojè a - konstriksyon Kabin Edikasyon Ete yo - te fini an jiyè 2018. Twa kabin yo se pou timoun ki gen bezwen espesyal ki patisipe nan yon pwogram edikasyon ete ki dire sis semèn, epi tout kabin yo ekipe kòm yon espas pou plizyè objektif. Dezyèm faz pwojè a, etablisman 70,000 pye kare a te fini an oktòb 2020 ak peyizaj eksteryè mwa sa a.

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, Marsha Gordon, ak Doktè Kristine Young, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The Business Council of Westchester (Konsèy Biznis nan Westchester) a, ak Prezidan SUNY Orange, te deklare, "Desizyon Jawonio pou grandi isit la refilete yon angajman pou Konte Rockland ak pou objektif nou pataje yo pou devlope djòb lokal yo pandan n

ap retire baryè ki genyen nan mendèv la. Nou fyè dèske òganizasyon sa a rele rejyon Mid-Hudson lan la lakay li, epi nou pa ka tann reyisit kontinyèl li."

Senatè Eta a, Elijah Reichlin-Melnick, te deklare "Pandan 75 ane, Jawonio pwospere kòm yon founisè sèvis ki baze nan Rockland pou timoun ak adilt ki gen andikap nan devlopman oswa kondisyon medikal kwonik. Siksè Jawonio se yon temwayaj pou anplwaye wo nivo li yo ak sipò kominote nou an nan misyon li. Anons jodi a konsènan finisman avèk siksè nouvo katye jeneral Jawonio a nan New City montre fason Eta New York kapab sèvis òganizasyon san bi likratif yo k ap fè travay enpòtan nan rejyon nou an epi, an retou, k ap ankouraje kwasans ak opòtinite ekonomik."

Manm Asanble a Kenneth Zebrowski te deklare, "Jawonio se yon pati ki ekstrèmman enpòtan nan kominote nou an nan Rockland County, epi finisman nouvo kanpis sa a pral asire yo kapab elaji epi kontinye travay yo. Non sèlman pwojè sa a pral pèmèt Jawonio elaji sèvis yo, men tou li pral kreye ak prezève plizyè santèn travay atravè Hudson Valley. Mwen fyè pou m kontinye defann plis finansman pou Jawonio epi remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan pwojè sa a."

Manm asanble a, Mike Lawler, te deklare, "Mwen kontan wè fini transfòmasyon 20 milyon dola Jawonio a, jis atan pou selebre 75èm anivèsè li a. Jawonio se yon òganizasyon fantastik, ki ansanm ak lòt òganizasyon san bi likratif yo, ki ofri sèvis enkwayab bay moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmanal yo ak fanmi yo soti nan Rockland ak nan tout rejyon an. Nan travay ansanm, mwen fyè de ogmantasyon envèstisman nou te fè nan bidjè ane sa a pou sipòte kominote I/DD a, ak moun ki travay san pran souf pou bay popilasyon ki pi vilnerab nou an sèvis ak swen enpòtan."

Egzekitif Konte Rockland lan, Ed Day, te deklare, "Sa a se yon nouvèl enkwayab pou Jawonio, yon òganizasyon ki toujou ale odela pou moun ki andikape yo. Mwen espere nouvo etablisman sa a pèmèt Jawonio kontinye kite yon mak ki grave nan kominote nou an."

Sipèvizè Clarkstown Town lan, George Hoehman, te deklare, "Pwojè revizyon ak revitalizasyon Jawonio a se te petèt youn nan pwojè ki pi enpòtan nan vil nou an pandan manda mwen an antanke sipèvizè. Nouvo djòb ak opòtinite pou sèvis amelyore yo ap fè yon mond diferans pou anpil moun. Lè m te pase plis pase 20 ane ap travay nan domèn andikap anvan m vin Sipèvizè, mwen pa te ka pi fyè de pwojè a ak sa li vle di pou Vil nou an ak moun ki andikape yo. Yon gwo travay pa tout moun ki enplike yo ak yon remèsiman espesyal pou Gouvènè a ak konsèy rejyonal la paske yo wè valè evidan pwojè sa a deja pote nan tout kominote a."

Jawonio se yon òganizasyon ki anrejistre kòm 501C3 ki te òganize an 1947 kòm Sosyete Paralizi Serebral nan Konte Rockland (Cerebral Palsy Society of Rockland County), premye founisè sèvis ki dire pou lavi nan Hudson Valley ki bay tretman pou pasyan ekstèn pou moun ki gen andikap devlopmanal, defi sante konpòtmantal, ak kondisyon medikal kwonik. An 1949, Konpayi an te fonde premye pwogram kan ete pou timoun andikape yo nan Konte Rockland. Dezan apre, li te elaji pou enkli yon pwogram

lannwit ke yo rele "Camp Jawonio." Òganizasyon san bi likratif ki evalye a 50 milyon dola a, ak lokal nan Konte Rockland ak Westchester te kontinye elaji pwogram li yo. Jodi a, sèvis yo enkli entèvansyon prematire, edikasyon espesyal pou preskolè, repi pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ak edikasyon ete. Sèvis pou adilt Jawonio yo gen ladan jesyon swen sante konpòtmantal, travay & sèvis pwofesyonèl. Anplis de sa, Jawonio opere yon divizyon netwayaj komèsyal ki avalye a 6 milyon dola ak plis pase 100 anplwaye ki gen kontra nan Konte Rockland ak Westchester.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwòle Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418